# ДАЙН ОРАМАШ



# 25-г1а апрель-
# НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ



# ДАЙН ОРАМАШ




Коьрта редактор – Салмурзаева Хедижат

Редакцин кхеташо:
Буруева Джанару
Магомедова Луиза
Юсупова Элина

Гуьмсан урхаллин к1оштан
Бильтой юьртан дехийлан
юккъерчу юкъарадешаран хьукматан
нохчийн меттан, литературин хьехархойн
методически ассоциаци

Альманах четвертехь цкъа арадолу.

Редакцин адрес: Нохчийн Республика, Гуьмсан урхаллин
к1оштан Бильтой- Юрт , Школьни урам, 1.

## Чулацам

**25-г1а апрель – Нохчийн меттан де**


25-г1а апрель –Нохчийн меттан денца доьзна 4
Нохчийн Республикин куьйгалхочун Кадыров Рамзанан
Декъалдар 5

Нохчийн мотт.Нохчийн меттан де. 6-7


**Поэзи**


| | | |
|---|---|---|
| Билтой-ломахь | Шаид Рашидов | 8-9 |
| Нохчийн мотт | | 10 |
| Нохчийн маттахь | Сайдуллаев Хьасан. | 11 |
| Ненан мотт | Айдамиров Абузар | 12 |


**Яздархо яздархочух**


| | | |
|---|---|---|
| Адамо динарг довш дац! | Резванова Айза | 13-14 |
| Ц1ен берд | М-С. Гадаев | 15-16 |
| Нохчийн г1иллакхаш | | 17-20 |

**Керла ц1е** 21-23

**Халкъан барта кхоллаералла** 24-26

Кицанаш ,х1етал - металш

# Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Р.А.Кадыровн Нохчийн меттан денца доьзна декъалдар.



## Хьомсара махкахой!

Тахана вай билгалдоккху Нохчийн меттан де.Иза республикерчу нахана ч1ог1а дукхадезаш дезде ду,х1унда аьлча нохчийн мотт вайн къоман са ду. Вайн хьалхарчу президента,Россин Турпалохчо Кадыров Ахьмад- Хьаьжас боккхачу тидамехь латтадора нохчийн мотт 1алашбар а , кхиор а .Цо олура: «Бер жимчохь дуьйна 1амо деза нохчийн мотт беза ,нанас олучу аганан иллица,баккхийчара дуьйцучу туьйранашца ,денна а цунна хезачу эшаршца».

Халкъ дийна ду,цуьнан мотт мел беха.Вай ч1ог1а лераме хила деза нохчийн маттаца..Цхьана а кхечу маттахь дийцалур дац ,нохчийн маттахь санна,вайн къоман г1иллакхийн ,ламастийн хазалла а к1оргалла а ма- ярра гучуйоккхуш.

Тахана дуьненчохь ялх эзар мотт бу, боху. Царах ши эзар гуттаренна а д1абала тарлуш бу,шаьш буьйцуш,хууш цхьа стаг а воцуш.Со тешна ву,нохчийн маттаца и цкъа а хир дац ,аьлла . Вайн нохчийн мотт,баккхийчара кегийчаьрга д1а а луш ,бехар бу х1ара дуьне мел лаьтта.

Шуну ма-хаьара,хаддаза тхан тергамехь ду къона т1аьхье кхетош-кхиор, халкъан куьлтура 1алашъяр.Х1ора шарахь д1ахьош ю нохчийн мотт 1амор,бовзар кхин а лакхадаккхарна т1ехьовсийна конкурсаш,фестивалаш тайп-тайпана гуламаш , цхьаьнакхетарш , кхидолу вовшахтохарш а.

Ши эзар ворх1алг1ачу шарахь сан Указца диллина ду Нохчийн меттан де.Х1етахь дуьйна д1аяьллачу заманахь иза баккъал а халкъан юкъара дезде хилла д1ах1оьттина.

Суна ч1ог1а хазахета , оцу дийнахь вайн къоман духаршца урамашка , майданашка девллачу адамаша ненан маттахь иллеш олуш,байташ йоьшуш,забарш еш.Цу дийнахь ях йолчу х1ора а стагана дагадог1у ша нохчийн къоман цхьадакъа хилар.

Иза воккхаве ,цо дозалла а до, мел халонаш т1ех1иттарх,ц1ерадахарх ,Сталинан набахтешкахь,1ожаллин кхерамехь латтадарх ,шен мотт а ,шен г1иллакх а д1а ца теснaчу къомах ша хиларна.

Вайна т1ехь 1аламат доккха декхар ду- нохчийн мотт 1алашбар а , кхиор а .
Ларбе иза ,т1екхуьучу т1аьхьене лерамца д1а а луо!

Ас даггара декъалдо шу дезчу денца!Дала машаре,ирсе дахар лойла шуна а ,шун гергарчарна а!

## Нохчийн мотт. Нохчийн меттан де.

Марша дог1ийла,нохчийнмотт,хьобазбеш,хьо лоруш,хьан сийдеш,хьо кхио,хьо хазбан,хьо марзбан билгалдаьккхина апрель беттан 25-г1а де! Дийцахьа тхуна,нохчийн мотт безаш ,лоруш, цуьнан хама бешболчарна х1ун кхаъ бохьуш дог1у хьо,нохчийн меттан де?!

Нохчийн метан сий дайар ца лалуш,цуьнан дешнаш кхоъмаза дицдар,и шога бохош бийцар ца лалуш,адамийн хьашташкара,юкъараллин хьелашкара и юьстах теттар ца лалуш,и законехь 1амо,шарбан,бийца елла бакъонаш талхор ца лалуш болчийн дегнаш хьаста х1ун совг1ат дохьуш дог1у хьо,нохчийн метан дезде?!

Тхан дайша,бисмилла олуш,урд аха,стерчий доьжна,нахаран баьлчаш лаьцна бина мукъам бицбиний техьа ахь?Нанас ага техкош,шен бер дижо лекхна йиш йицйиний техьа ахь?

Ненан мотт-нохчийнмотт! Вайн безчуэвлаяаша,хьо хазбеш,хьо лоруш,хьан сийдеш,дош лардеш бийцина.Нохчийн мотт,вайн дикачу къонахоша,хьо базбеш,доттаг1ашца боккхачу лерамца к1еда-мерза, мостаг1ашца буьрса,захалонна зевне-хаза,берашца экама,г1ийлачаьрца дегнаш хьостуш бийцина.

Гечдийр дуй техьа оцу везачу Дала Ша вайна белла мотт бицбиначарна, цуьнан сий дайинчарна ,цуьнан сий дойуш болчарна,цуьнан хама ца бечарна? «Даймохк», «Нана-Даймохк», «Нохчийнмотт», «Ненанмотт»-оцу дезачу дешнийн маь1на дойтехьа нохчийн къонахаша, яхь йолчу к1енташа,яхь йолчу зударша, яхь йолчумехкарша? «Даймохк»-газет,хьо цхьаъ бен дац нохчийн маттахь тхаьш даккхийдер кхаьънашца далхо, бохамаш хилча,бохамаш балхо,баланаш баьхкича,баланаш балхо,мехкан хьелаш,хьашташ,хьесапаш дийца,адамийн амалш,таронаш,токхонаш йовзийта, хьекъал,кхетам,иман хилар,вовшашца лерам,тешам,безам,къинхетам,комаьршо хилар дийца,г1иллакхашца,оьздангаллица,собарца,доьналлица дуьззина къонахчун васт гайта. «Даймохк»-газет,хьо кхочий техьа нохчийн оьздачу х1усамашка, хьаькамийн стоьлашка,1илманчийн,хьехархойн кера,церан тидаме,церан лераме,студентийн,дешархойн дегнашка?

Стигалахь ткъес детташ ,йочанаш латтарх,хиш десташ, бердаш херцорах, мохк бегош,латта лесторах,малх лаьцна баланаш биссарх,т1ом хуьлуш,т1амо хьийзадарх, бехк боцуш,тхешан махках тхо дахарх,шелоно,мацалло,харцоно хьийзорах,хийрачу цу махкахь тхо д1а-схьа даржорах, нохчийнмотт, хьо тхоьца биснера, хьоьца оха тхаьш Деле дехнера. Баккхийра 1еткъамаш хиларо,хьо бицбан бахьанаш х1иттаро,сийдойуш, хьо юьстахтеттаро, г1елбина, азбина, нохчийн мотт,хьо юхаметтабало, хьо 1амо, хьо шорбан, хьо к1аргбан, хьо бийца, хьан сий дан тхуна хьекъал, иман, доьналла лохьа, х1ай Веза Дела! Нохчийнмотт ,хьан сий дайа г1ертачийн луур ца долуьйтуш, хьо безаш болчийн дегнаш хьостуш, нохчийн дош, нохчийн мотт г1аланашка, ярташка,г1ишлошка, г1ирсашка кхачош, кхаъ бохьуш долахьа, нохчийн меттан де!

Мохк боцуш ма вуьсийла мехкан да! Да воцуш ма буьсийла нохчийн мотт! Мотт боцуш къам а дац, къам доцуш мотт а бац.

Меттан сий дайича, къомансий доврду, къоман сий дайича метан сий довр ду. Мехкан сий дарах, къомансий дарах, метан сий дарах ларделахь тхо, Веза Дела!

Мотт, духар, г1иллакхаш къоман сибат ду. И сиба лардеш вверг нохчо ву, шеен махкана, шеен къомана хьакъ волу къонах ву. Меттан сий ца дечо,шен ненан сий ца до,ненан сий ца дечо мехкан сий дийрдац .Шен мехкан,шен меттан,шен ненан сий лардеш,яхь йолуш воцург къонах вац,и къонах ву,олийла дац.




поэзин жовх1арш

## Шаид Рашидов



**Билтойн–ломахь**

Билтойн ломахь малх бу кхетта,
Бай т1ехь кхолу зезагаш.
Цигахь вахар ирсе хетта,
Ялтех дуьзна дийна кхаш.

Массо ломал лекха ,хаза
Аьхна хетта суна и.
Дийнахь 1алац б1аьрга ганза ,
Кийра 1абош муьйлу хи.

Наьрташ санна дитташ кхиъна,
Лекхчу- Коьртан гонаха.
Цунна юххе охьахиъча
1аламе ас доьг1у ла.

Коьрте хьийза шуьйра ойла,
Дег1е ницкъ а хьуна ло.
Ялсамане лаахь гойла
Лаьтта букъ т1ехь ,цига г1о .

Гур бу хьуна цхьанххьа боцу,
Хаза оьзда мехкарий.
Къонахий а лом схьалоцу,
Ойбуш нохчийн къоман сий.

Ломан гонах ярташ 1охку,
Кхойкху къуьйсуш наха чу.
Мерза даарш хьалха дохку,
Кхоа ца деш , дуьзна шун.

Иштта ду сан Билтойн-Ломахь,
Г1ела -Чуртахь сийна бай.
Цунах ваьлча хилац чомахь,
Цигахь баьхна сан ден дай.







**Лекхчу-Коьртехь**

**Шаид Рашидов**

## Ненан мотт

Доккхачу лаьтта т1ехь
Хазалла лоьхуш,
Сада1ар диццина
Еттарх а йорт,
Хьегаран хьуелла,
Шена т1евоьхуш,
Хиллера ц1ийх боьлла
Сан Ненан мотт.

Зезагийн лесторехь,
Техкарехь диттийн,
Къайленаш соь юьйцуш
Ловзарехь х1орд,
Ладоьг1ча шабарщца
Бешарчу ниттийн,
Соь ницкъ лург хиллера
Сан Ненан мотт.

Иллига бирзича
1енадеш б1аьрхиш,
Делхадеш, ловзадеш
Кийрара дог.
Кхолабеш, юха а
Къагабеш б1аьргаш,
Серло лург хиллера
Сан Ненан мотт.

Диканехь я вуонехь
Дош ала дезча,
К1орггера ян воьлча
Хиллачийн чот,
Эхь, иман я г1уллакх,
Доьналла эшча,
Хьекъал лург хиллера
Сан Ненан мотт.

Вахар а х1ун оьшу
Цунах д1ахаьдча?
Бицбина вехаш верг
Юяьсса ботт.
И саннарг карор бац
Мел дукха лехарх,
Даймехкан дозалла
Сан Ненан мотт.

**Сайдуллаев Хьасан**



## Нохчийн матттахь.

Даймохк,нана хьох къаьстинчу хенахь
Буобер санна хебаш дара дог.
Ойла хьег1аш сингаттаман хьаьрмахь
Нохчо лоьхуш бийца нохчийн мотт.

Кхечу маттахь 1илманаш ас 1амий,
Кхечу къаьмнийн девзи тептараш.
Синмарзонах ц1ий пхенашка кхачий
Нохчийн маттахь дека ,аьзнаш аш.

Хезча нана нохчийн маттахь йоьлхуш,
Дерриг дуьне декхна хаза го.
Нохчийн маттахь хезча нана йоьлхуш.
Цо стигланаш лаьтте елхайо.

Езарг хьаста хьолан зовкх ца оьшу,
Ямартлонаш герзо къарийир яц.
Ненан метан мерза аьзнаш оьшу,
Цуьнан ницкъе х1умма кхочуш дац.

Даймахкац хана къаста дезча,
Дорцан арахь шеллуш хуьлу дог,
Оцла хьег1аш сингаттаман хьаьрмахь
Нохчо лоьхуш бийца нохчийн мотт.

*Айдамиров Абузар*



# Ненан мотт

Со вина Кавказан ломахь,
Къоьжачу баххьашна юккъехь.
Аьрзунийн баннашна уллохь
Нанас со кхиийна берахь.

Цигахь со набарна товжош,
Цо олу аганан илли.
Декара, дог хьоьстуш довха,
Сан нохчийн маттара илли.

Сарахь цо туьйранаш дуьйцуш,
Со цунах хьерчара кхоьруш,
Я халкъан илли цо олуш,
Д1атуьйра набаро хьоьстуш.

Шаьш хьегна баланаш балхош,
Вайн халкъан турпалхой хестош,
Дайн-дайша даьхна и иллеш
Декара, дог 1ийжош, доруш.

Цу иллийн дешнашца гора
Даймехкан исбаьхьа суьрташ,
Маршоне, Даймахке безам
Вайн дайша къийсамехь гайтар.

Ненан мотт, хьуна т1е тийжаш,
Хьоьца шен баланаш балхош,
Хьоьца шайн дог-ойла г1иттош,
Ловш 1ийна уьш буьрса денош.

Хьоьца ду суна мел дезнарг,
Вина мохк, нанас сан хьестар.
Хьоьца ду сан велар, велхар,
Дахаре сан болу безам.

## АДАМО ДИНАРГ ДОВШ ДАЦ

Йочане, кхоьлина де хиларх а маьлхан ницкъ кхочу, шен нуьре зIаьнарш дIаса а яржийна, де серла даккха. Иштта, сирлачу дуьненахь, доккхачу лаьтта тIехь дахарехь маьрша некъ бехкарх а, адам е марзонца, даймахке безамца, шен тешаме, майрачу деган некъ, цIеначу ойлан, хьанал а бина, нахана пайденна, халкъе схьакховдийна хила Гадаев Мохьмад-Салахьа. Адамо динарг дика тидмаза довш дац, ткъа дахар тIепаза дIадов, мел кхоорах, дуьненахь дитина дика дацахь. Дитт тIера охьбоьжна стом схьалаэцца ца хуьлуш, телхина лаьттах дIауьйш болчух а пайда болу. Цуьнан хIух, лаьттах а тасалой, юха бIаьстенца зIийдиг а йостий, синтар хуьлу, юха и кхуьу бешахь, къоначу стоьман дитт. Иштта хила Гадаев Мохьмад-Селахьан дахар. Пайдаэцар ца хуьлуш, зарзъелла коч санна, шеен дахарх ирс эцар ца хиллехьа, иза лелоза тиша ца долийтуш, адмана пайденн а дитна цо. Шен сих дагадовла меттиг битна цо. Адмана дIасаекъна цо шеен цIена ойланаш. Баккхийчарна син кхача хуьлуш, кегийчарна хьекъале хьехам беш, галваьллачунна нийса некъ гойтуш, хIоранна а собаре хилар кхетамца дуйла хоуьйтуш, шовданан бух санна цIена гойту Мохьмад-Селахьа ше н хIора дашца цIенаниг , бакъо йолуш а, мехала хилар а. Цуьнан байташ ешарца го цуьнан дуьненахь Дала кхоьллинчу массо а хIуманца гергарло хилар.

Дог кийрара ара эккхал езаш хиллачу йоIе къайлаха а хьоьжуш, цуьнан синтем ларбарца гойту цо иза. Иштта меттигаш дукха ю цуьнан билгалъяха. ХIора байт, хIора поэма, массо повесть, хIора дийцар шен сих дакъош дина, чу са кхоьллича санна хета, цуьнан са лелош санна хета. ХIара байт кхоллаелла сан цунах. Мах хадор ца лору ас хIара, цо динчу диканна мах кху дуьненахь ца хетарна.

«Кхолламо харжам ца бойту, цо ша хоржу вай» бохучунна тIе а тевжина, ала лаьа, кхолламо хаьржина хила иза, сов чIогIа цуьнан собарх цец а баьлла, иза кхин халонашкахь стогаллах ца воххал иман долуш хилар зуьйш. Мохьмад-Салахьа шеен хIора дашца гойту ша доккхачу собарца, иманехь хан яьккхина хилар. Дала иза тидаме эцна хиларан билгало хетта, адмана шех пайда бала цунна похIма далар а, цунна ницкъ тоар а. Муьлххачу тайпанна делахь а, диканиг дар, Делан лаам бу, воlниг шайтIанан лаам бу олу.

Боккхачу ларамца, бодано къевлина лаьтташ хила Мохьмад-Салахь Гадаевн и сирла ойланаш, цуьнан сина мелана, халкъан апайденна йовзийта, адаме пайда эцийта Iалашо хилла, хIара»Безамна бIарлагIа»

**Тоьшалла**
**(Гадаев Мохьмад-Салахьна**

Іожаллин бІаьра  а собарца хьоьжуш,
Хоьттина тІаьхьенан некъах шен некъ,
Кхолламца цхьа а чІир, гамо ца лоьцуш,
Цо лайна халонаш, дустуш харц-бакъ.

Къаьхьачу балано ирсан некъ боьхкуш,
Мерзачу дахаран талхорахчам,
Ц1еначу безамца вайн Даймохк хьоьстуш
Доьналлехь   яьккхина хилла цо хан.

Массо а синан ю 1ожалла эла,
Делахь а, стогалла эшаяц цо.
Къонахчо дош цац а хуьлу къера,
И лела дуьненахьша туьйсуш го.

Дахаре оьг1азе мА хьежа б1аьргаш,
Я ирсах кхолламе ма еха ч1ир.
Хьекъалах дагавуьйлуш,иманехь ваьхнарг
Вахна д1а масална юьтуш шен лар.

Яздархойн  союзан декъашхо Резванова Айза



ПЕПНАШ КIЕЛ ТIУЛГ БОГIИЙ, ГОНАХА БЕРД ХЬОЙ,
БЕЗАМНА БIАРЛАГIА ЕЛАШ ЦИГАХЬ...
/ГАДАЕВ М.-С./



**Гадаев М-С.**

# Ц1ен берд.

1ожалло 1ехаво , оьций д1ахьой,
Ял йоцуш вирзинарг ,лар йоцуш вов.
Уьйрашна вицвелчахь ,Далла а вицлой,
Базло, бах, лахьти чохь упханан тхов.

Даим со хьегначу Ц1ен-Берде г1ой ,
Цуьнга б1аьрг тохалаш ,аьтто хилахь .
Цигахь диънера ас бераллин той ,
Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь.

Г1еллой 1аш хетало безна и мохк,
Малх хьуллуш б1аьрг тоьхча геннара д1а.
Хьомсарчу ламанах хьерчаш 1ен дохк,
Гуш санна, ког1алой, вехха со 1а.

Догмерза гул а лой,Ц1ен –Берде г1ой,
Дегнийн хьу ясталаш б1аьста- гурахь.
Сан метта б1аьрг тохий ,сан б1аьрга гой,
Сан берд аш хьасталаш, ганза со лахь.

Цигахь диънера ас бераллин той,
Цигахь лиънера сайн чурт а ,дагахь.
Пепнаш к1ел т1улг ког1ий, гонаха берд хьой,
Безамна б1арлаг1а елаш цигахь.

# Нохчийн къоман г1иллакхех лаьцна хеттарш , жоьпаш.

**1.Дуьнен чохь адамийн дахаран хьелашкахь уггар дезаниг х1ун ду?**

Дахар дег1ан са ду .

**2.Адамийн дахарехь угар деза хьал х1ун ду ?**

Стеган угар деза хьал могуш хилар,нахаца догдика хилар ду.

**3.Дахарехь адамийнкоьртаниг  х1ун ду ?**

Дахарехь адамийн коьртаниг хьекъал, иман ду.

**4.Стеган уггар сийлахь дарж муьлханиг  ду?**

Стеган угар сийлахь дарж адамалла ду.

**5.Стеган ирс стенах кхоллалуш ду ?**

Нахана везаш хиларх кхоллало стеган ирс.Нахана везаш вверг Далла а везна,олуш ду.

**6.Стеган амалехь уггар хазаниг х1ун ду ?**

Стеган амалехь угар хазаниг г1иллакх ду.Г1иллакх долуш волу стаг ялсаманехь хир ву,боху.

**7.Стен тодо стеган куц?**

Стеган куц оьзда хиларо,оьздангалло  тодо.

**8.Стенца ю стеган марзо?**

Стеган марзо уьйрашца,шена дукхабезачу нахаца ю.

**9.Къонахччун вастехь,цуьнан амалехь коьртаниг х1ун ду?**

Къонахчун вастехь,цуьнан амалехь коьртанигду ,Дела цхьаъ веш,Элча (Делера салам хуьлда цунна)бакъвеш,ламаз деш,марха кхобуш,ц1ена бусал бахилар,имкан долуш,хьекъал долуш хилар,Дела реза ца хинволчу массо а вочу х1уманах ларлуш хилар,г1иллакх долуш,оьзда хилар,тешам болуш,нахаца,лерам болуш,к1еда-мерза

хилар,ша дан т1елаьцна дерг кхочушдеш,шен дешан да хилар,хьеша-деца комаьрша хилар,г1ийлачийн дог хьостуш, царна г1о деш хилар,шеен халкъан парг1атонна ,маршонна дуьхьа, эшначохь,шеен са д1адала а кийча хилар,шеен къам сийсаздеш,маьттаздоккхуш т1едохьуш долчунна дуьхьалх1отта,дош ала майралла, доьналла долуш ,яхь йолуш хилар, хила дезачу меттехь собар долуш хилар.

**ларий,божарий цхьана д1абоьлхуш,божарий хьалха х1унда бовлу?**

Зударийкеп,куц хаза долу дела,божарийхьарамонцацарна т1аьхьа ца хьийсита,х1иттабо божаршазударийшайна т1аьхьа.

**11.Нохчичо нохчичуьнга нохчий мотт буьйцуш ца хилча цунах нохчо ву ала дог1уш дуй?**

Нохчичо нохчичуьнга нохчийн мотт ца бийцахь цунах нохчо ву ала дог1уш дац.Х1унда аьлча буьйцучу маттах билгалвоккху стаг,иза мича къомах ву.

**12.Шен маттах цавашар х1ун ду?**

Шен маттах цавашар-ша-шех цавашар,шен къомах цавашар, шегахь яхь цахилар,ша къонах цахилар ду.

**13.Муха хила деза къоман духар?**

Нохчийн къоман духар вайн дайша ма-леллора хила деза,къонахийн сура куй,бустамаш долу чоий,кхелина шаьлтий,доьхкий,г1овтал,вертий,башлакх,маьхьсеш.Мехкарийн к1айн шифонан г1абалий,дато доьхкий,туьйдаргаш,туфлеш.Г1аблешна т1е истанган бустамаш х1иттор вай нкъоман духарца дог1уш дац.Бустамаш х1иттор г1умкийн,ног1ийн,г1езалойн духаршца ду.

**14.Стеган уггар йоккха докъазалла х1ун ю?**

Стеган уггар йоккха докъазалла адамашца хьаг1 хилар ю.Нехан диканан дакъа а кхочур дац цуьнга, шен диканах воккха вен аьтто а хир бац.

**з15.Вуьззина нохчо ву мича бахьнашна олуш ду.?**

Къонахчун вастехь хила мел дезарг шен амалехь долуш велахь а,шен къам дезаш а ,цуьнан сий деш велахь а,Дала шена бела нохчийн мотт безаш,буьйцуш,иза ларбеш,цуьнан сий деш иза велахь а ,вайнехан г1иллакхаш девзаш ,дезаш, ша г1иллакх долуш ,оьзда велахь а,цунна вуьззина нохчо олу.

**16.Стенна оьшу къонахчунна собар ?**

Къонахчунна собар оьшу Ц1еххьана 1оттаделлачу карзахечу вочу х1уманна г1аьттина оьг1азло сацо,1оттаделла г1уллакх ,кхолладелла хьал довза а ,цуьнан ойла ян а ,хьесап дан а,г1алат ца волуш,дикачу аг1ор дерзо сацам тйеэца а .

**17.Стенах кхоллалуш ду беркат?**

Беркат кхоллало хьанала бечу балхах,комаьршонах,г1ийлачунна мискачунна , таро йоцуш висначунна луш долчу саг1ех,закатах.

**18.Стенах кхоллало стеган сий?**

Стеган сий кхоллало цуьнан хазачу г1иллакхех,сица,дег1аца,ойланца,буьйцучу маттаца йолчу оьздангаллех,нахаца болчу лерамах , лела хаарх,нахана пайдехь дерг ала хууш,нехан г1уллакх деш хиларх а.

**19.Дов даьллачохь х1ун олу?**

Дов даьллачохь «Дала масла1ат дойла олу»

**20.Не1арх чу-ара бовлуш йо1 ,к1ант дуьхь –дуьхьал нисделча юха муьлхарг волу ?**

Чу-ара бовлуш йо1 ,к1ант не1арехь дуьхь-дуьхьал нисделча ,к1ант юха вала веза ,цуьнан сий лара ша декхарийлахь хиларна ,цунах д1ахьакхавала шен бакъо цахиларна.

**21.Мича хьелашкахь  гучудолу майралла ,доьналла долуш хилар.?**

Т1еман ,къийсаман,халонийн хьелашкахь гучудолу майралла,доьналла.

# 1.Юсупов.

## Г1иллакхийн хазна.

Заманийн къизаллаш хьаьхна ,
Маршоне къуьйсуш дай баьхна,
Къонахчун яхь ларъеш цара,
Доьналла гайтина майра.
Г1иллакхашца хаздина дайша,
Кегий нах церан сий дейша.

Х1ара дуьне кхоьллина деза,
Оьшуш дац и дита деса.
Г1иллакхашца и хаздан хьовса,
Уьш дохош волчуьнца къовса.
Адамаш,кхиий вай дайша ,
Уьш лоруш ,церан сий дейша!

Вайн наной тешаме хила,
Эхь-бехках даим ларбелла,
Хьешана кхерч бовха латтош.
И вазвеш дог-ойла г1аттош.
Мехкарий ,нанойх тарлойша,
Г1иллакхца шайн сий лардейша!

Сингаттам хаало тахна ,
Стаг вайча г1иллакхах воьхна.
Вайн декхар сийлаллин деца:
Дайн г1иллакх – герз д1а ма хеца!
Г1илкхашца хазди вай дайша ,
Адамаш церан сий дейша!.




**Европан чемпион Мужаитов Мансур**

## Автобиографи

Мужаитов Мансур Усманович вина 2 декабрехь 1991 шарахь,
Ножай-Юьртан районерчу Бильта юьртахь.
Нана Амазаева Зарета Адамовна ю, да Мужаитов Усман Ахмадович ву.
1993 шарахь, хьалахь меттигаш такха йолаелла, Мансуран доьзал
кхелхина баьхкира Гуьмсе районерчу Бильтой-Юьрта.
1997 шеран сентаябрь баттахь вахара 1-чу классе деша
Бильтой-Юьртарчу юккъерачу школе.
Шел баккхийрачу берашца кест-кеста латарш нислора Мансуран
жима волуш дуьйна. Ницкъ а, тола лаам а даиман бара цуьнгахь.
И дерриге а цхьана нийсачу новкъа дерзо дезаш хьал х1оьттира.
2003 шарахь, денана йолчохь хьошалг1ахь, Ножай-Юьртахь вара Мансур.
Дас, нанас аьлчунна т1етайна цигара спортивни школе хьажа вахара иза.
Цу школан куьйгалхо вара Исрапиев Хьамзат.
Мансуран хьуьнаршка хьаьжна тренеро магийра шен кхиамаш
болчу спортсменашца къовсавалар. Эццехь гучуделира цунах дика
спортсмен хирг хилар. Хьамзата д1ахаийтира Мансуре Ножай-Юьрта ваха
везар а, ша цуьнца болх бан реза хилар а.
Дукха ойланаш ца еш церан доьзал реза хилира Мансур Ножай-Юьрта
вахийта. Ножай-Юьрта районерчу гемназехь 6-чу классехь деша а доьшуш,
д1аболабелира цуьнан тренер Исрапиев Хьамзатаца бола болх.
Бутт хан ца елира цо республикански къийсамашкахь толам боккхуш.
Кхид1а болу къийсамашкахь кхиамаш болуш д1аволавелира иза.
Цуьнан къийсаман совг1аташна юккъехь уггаре мехалниш дара
Анапа г1алахь а, Румыни пачхьалкхаьхь а 2006-чу 2010-чу шерашкахь
дина долу совг1аташ.
2008-чу шарахь Грозне г1аларчу ЧГПИ деша вахара и. 2013-чу
цигара дешна велира и…
Х1инца Самарера юридически институтехь заочни отделенехь
доьшуш ву и.нийсачу новкъа дерзо дезаш хьал х1оьттира.
2003 шарахь, денана йолчохь хьошалг1ахь, Ножай-Юьртахь вара Мансур.
Дас, нанас аьлчунна т1етайна цигара спортивни школе хьажа вахара иза.
Цу школан куьйгалхо вара Исрапиев Хьамзат.
Мансуран хьуьнаршка хьаьжна тренеро магийра шен кхиамаш
болчу спортсменашца къовса валар. Эццехь гучуделира цунах дика
спортсмен хирг хилар. Хьамзата д1ахаийтира Мансуре Ножай-Юьрта
ваха вар а, ша цуьнца болх бан реза хилар а.
Дукха ойланаш ца еш церан доьзал реза хилира Мансур Ножай-Юьрта
вахийта. Ножай-Юрьта районерчу гемназехь 6-чу классехь деша а доьшуш,
д1аболабелира цуьнан тренер Исрапиев Хьамзатаца бола болх.

Бутт  хан ца елира цо республикански къийсамашкахь толам боккхуш. Кхид1а болу къийсамашкахь кхиамаш болуш д1аволавелира иза.
Цуьнан къийсаман совг1аташна юккъехь уггаре мехалниш дара Анапа г1алахь а, Румыни пачхьалкхаьхь а 2006-чу 2010-чу шерашкахь дина долу совг1аташ.
2008-чу шарахь Грозне г1аларчу ЧГПИ деша вахара и. 2013-чу цигара дешна велира и…
Х1инца Самарера юридически институтехь заочни отделенехь доьшуш ву и.



# *Кицанаш а,х1етал –металш а.*

**Аьхка Iиллинарг — Iай идда.**
**— Пролежавший летом, пробегал зимою.**

**Аьхкенан цхьа де, 1аьнин к1иранал ду**
**— Один день лета равен зимней неделе.**

**Аьхка догIанах иддарг, Iай лайх идда.**
**— Тот,кто убегал летом от дождя, зимой бегал от снега.**

**Аьхка мало,1ай хало.**
**— Летом лень, зимой мука, т. е. кто летом поленится, тот зимой помучается.**

**Аьхкено литта х1оттийна, 1аьно д1акхаьллина.**
**— Лето поставило копну, а зима проглотила ее.**

**Аьхка т1арга Iалаш цабинчуьнан, 1ай когаш бахьийна.**
**— Кто не берег летом шерсть, зимой заморозил ноги.**

**Аьхка хье ца кхихкича, Iай яй ца кхехка.**
**— Если летом не кипит мозг, то зимой не будет кипеть кастрюля (котел).**

**Аьхка лаьхьанах кхеравелларг — 1ай карсанах кхеравелла.**
**— Летом испугавшийся змеи — зимой веревки испугался.**

**Аьхкенан заманчохь мукъа леллачунна, 1аьно т1е ког боккху.**
**— На того, кто не работает летом, зима наступает ногой.**

**Аьхка де дайинарг — Iай шийтта дийнахь меца лела.**
**— Тот, кто потерял один день летом, двенадцать дней голодал зимой.**

**Букарвоьлла стаг кошо бен нисвийр вац.**
**— Горбатого могила исправит.**

**Бухбоцу шелиг хих дуьзна дац.**
**— Бездонная кадка водой не наполнится.**

**Бухахь г1ура йоцуш, 1ам т1ехь ша бийр бац.**
**— Без мерзлоты на дне озеро льдом не покроется (нет дыма без огня).**

**Боьханиг хе а ц1анвийр вац, ц1ененаниг ц1аро вагор вац.**
**— Грязного и вода не очистит, чистый в огне не сгорит.**

**Хазачу даша 1уьргара лаьхьа баьккхина.**

**- Красивое слово змею из норы выманило.**

**Воккхачуьнга лацадоьг1нарг — ор чу воьжна.**
**— Кто не послушался старшего, упал в яму.**

**Хьайца нах дика хила лаахь,царца дика хила.**
**- Если хочешь,чтобы люди хорошо к тебе относились,сам будь с ними хорошим.**

**Ала йо1е, хаза несна.**
**— Скажи дочери, чтобы услышала сноха.**

**Багахь динчу х1оэх х1оаш кхарзалур дац.**
**— Из яиц, о которых рассказываешь, яичницу не сделать.**

**Барт боцу юрт а, барт боцу доьзал а х1аллакь хилла.**
**— Аул без согласия (единогласия) и семья без согласия — погибли.**

**Стаг воцчух стаг валур вац,верг стаглар вакхлур вац.**

**1. Биъ ловзуш берг, шиъ Iуттуш ерг, цхьаъ ластош ерг? (Етт)**

**2. ХьаргIа санна Iаьржа ю, маIа ю, ша сту бац, ялх ког бу, бергаш яц? (Чхьаьвриг)**

**3. Когаш а бац, тIемаш ду, хьоза санна бодуш бац? (ЧIара)**

**4. Горгли туху, сахьат а дац,**
**Са хилчи хоуьйту? (НIаьна)**

**5. Лаьттахула текхаш бу,**
**Стаг тIе вуьтуш бац? (Лаьхьа)**

**6. Куьйгаш а дац, бел а яц, поппарх хIусам а йо? (ЧIегIардиг)**

**7. Хьуьн чохь а арахь а кетар ю лелаш? (УьстагI)**

**8. Ша шайх а вац, маж а ю? (Бож)**

**9. Лаьттахула лелаш а ю,**
**Стигал гуш а яц,**
**Узарш деш а ю цомгуш а яц? (Хьакха)**

**10. Шозза дуьненчу яьлларг? (Котам)**

**11. Шозза дуьненчу даьлларг? (Олхазар)**

**12. Леташ а яц, юсалой а лела? (Москал-нІаьна)**

**13. ЦІиэ ленаш долуш кІайн говраш? (ГІезаш)**

**14. Экха а дац, хьоза а дац,**
**ТІемашца гІотту, ю а Іутту? (Чуьрк)**

**15. Сайна лиъчи кхосса а ло,**
**сайна лиъчи къовза а во? (Сагал)**

**16. Биъ ког ирах а болуш**
**тховх кхозург? (Моза)**

**17. Шена бедар а ца йо, тукар а доцуш, маха а боцуш маша а бо? (Гезга)**

**18. Вайн тІорказчуьра дараза дарий? (Яхказчу кхела чуьра бекъа)**

**19. Хи йистера баьццара бохча? (Пхьид)**

**20. БІов-в олу цо – борз а яц и, латта а охку цо хьакха а яц и? (Бумбарий)**

**21. Дийнахь эла, буьйсанна лай? (ЖІаьла)**

**22. Хина тІай, некъана накъост? (Говр)**



